

Lis bagay pou fè pou enskripsyon

Asire ou ale avèk bagay sa yo lè w al enskri pou lekòl.

- Prèw laj pitit ou a (batistè, paspò oswa sètifika batèm)
- Dosye vaksinasyon timoun lan (si li disponib),
- Dènne kanè/relvenòt pitit ou a (si l disponib), ak
- De (2) nan dokiman nou site pi ba a pou verifye kote ou abite:
 - Kontra lwaye, papye kay, bòdwo kay ou abite a;
 - Yon bòdwo sèvis piblik pou kay (gaz oswa elektrisite) ke yon konpayi (egzanp National Grid, Con Edison) voye — dat ki sou bòdwo a pa dwe plis pase 60 jou avan dat w ap remèt li a;
 - Yon bòdwo sèvis kab televizyon pou kay kote ou rete a; li dwe gen non paran an ak adrès kay la sou li epi dat ki sou li a pa dwe plis pase 60 jou avan dat w ap remèt li a
 - Dokiman oswa lèt ak antèt ki soti nan yon biwo lokal, yon biwo leta, oswa yon biwo federal, ladan the Internal Revenue Services (IRS), City Housing Authority, Federal Office of Refugee Resettlement, Human Resources Administration (HRA), Administration for Children's Services (ACS), oswa yon ajans k ap travay pou ACS ki gen non ak adrès moun nan ladan—dat ki sou yo a pa dwe plis pase 60 jou;
 - Yon bòdwo taks resan pou kay ou abite a;
 - Yon bòdwo dlo pou kay la · li dwe gen dat ki pa depase 90 jou avan dat ou soumèt yo;
 - Resi lwaye ki gen adrès kay la · li dwe gen dat ki pa plis pase 60 jou avan dat w ap voye l la.
 - Kat idantite ke Vil la, Eta a, oswa lòt gouvènman ba w (paegzanp kat IDNYC), ki poko ekspire epi ki gen adrès kote w rete a sou li;
 - Fòm enpo sou revni (Income tax) pou ane avan an;
 - Lisans chofè oswa Pèmi kondui ofisyèl Eta Nouyòk ki poko ekspire;
 - Yon dokiman ofisyèl pewòl moun oswa konpayi ki anplwaye w la ki gen dat ki pa plis pase 60 jou avan dat w ap remèt li a paegzanp yon souch chèk ki gen adrès kay ou, yon fòm ou soumèt pou taks y ap pran sou ou oswa yon resi pewòl (yon lèt travay ou sou papye antèt konpayi a pa sifi) — li dwe gen adrès kay ou rete a sou li epi dat ki sou li a pa dwe plis pase 60 jou avan dat w ap remèt li a;
 - Dokiman ki montre ou enskri w pou vote, ki genyen non paran an ak adrès kay kote li rete a;
 - Dokiman afilyasyon nan yon asosyasyon dapre kote ou rete a ki pa ekspire (tankou, asosyasyon moun nan katye), ki gen non paran an ak adrès kay li abite a sou li;
 - Prèw ke se ou ki responsab legal timoun lan, se kapab papye tribinal la ki ba w responsablite timoun lan oswa ki rekonèt ou kòm responsab legal timoun lan; dokiman yo dwe gen dat 60 dènne jou ki sot pase yo parapò ak jou w ap prezante yo epi yo dwe gen non elèv la ak adrès ou abite.

Remak pou elèv ki nan lojman tanporè

Elèv ki nan lojman tanporè (Students in temporary housing, STH), jan lwa McKinney-Vento defini l la, pa oblije bay dokiman (paegzanp adrès, prèw dat nesans ak vaksen) pou yo enskri. Lekòl yo dwe fè aranjman pou yo enskri elèv la epi travay avèk responsab DOE pou STH elèv yo pou jwenn dokiman yo.